АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

Шамил районалъул газета

# ЦОЛЪИ

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№8 (10106)

РУЗМАН

1 март 2024 сон

20 ШАГIБАН 1445 СОН

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ АДМИНИСТРАЦИЯЛЪУЛ ИШАЛ

## Президентасул рищиязде хIадурлъи

**27 февралалъ райадминистрациялда районалъул бетIер М.ХIасановасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана тIаде щолел ругел Россиялъул Президентасул рищиязде хIадурлъиялъул бицунеб данделъи.**



Гьениб гIахьаллъи гьабизе щвана Шамил районалъул кураторал-ХIукуматалъул ва республикаялъул бетIерасул администрациялъул отделалъул нухмалъулей Марьям МухIамадова ва рохьил магIишаталъул комитеталъул нухмалъулев Вагьаб ГIабдулхIамидов. Гьединго, данделъиялда гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместителал К.Будунов ва М.ХIажиев, киналго кIвар бугел бутIабазул нухмалъулел: прокурорасул заместитель ХI.ГIонжолов, ОМВДялъул нухмалъулев М.МухIамадов, ТИКалъул специалист М.ИсмагIилов, ГО ЧС ва ЕДДСалъул нухмалъулев З.Рамазанов, райгазеталъул редактор П.МухIамадова, РЭСалъул бетIерав инженер И.Ибрагьимов, ЦРБялъул бетIерав тохтир И.Халилов, жамгIиял наблюдателазул нухмалъулев М.ХIусейнов ва районалъул жамгIияб палатаялъул вакил М.Нуров.

15-17 марталъ тIоритIизе ругел рищиязде гьабун бугеб хIадурлъиялъул мухIканаб баян кьуна ТИКалъул хIалтIухъан МухIамад ИсмагIиловас. Гьесул рагIабазда рекъон районалъул кIикъоялда кIиябго рищиязул участокалда чIезабун буго хIажатабщинаб, гьезда гъорлъе уна 3 хъутабазда бугеб участокги. Гьединго, щибаб участокалда чIезабун буго цIуна-къаялъе хIажатабщинабги, 5 пункталда лъун руго Ростелекомалъул камераби федералияб даражаялда гьоркьоса къотIичIеб бербалагьи чIезабизе. ХутIарал рищиял тIоритIулел бакIаздаги администрациялъ чIезарун руго камераби, принтерал, металоискателал, сейфал ва цогидаб хIажатабщинаб. Администрациялъ росун руго ток свани хIалтIизаризе генераторал ва щибаб пункталде кьезе огнетушителал. Гьединго ТИКалъ гьабураб кIудияб хIалтIуда гъорлъ рехсезе ккола рокъо-рокъоре щун обходчиказ гIадамазда гьоркьоб 2024 соналъул рищиязда ругел хиса-басиязул ва шартIазул баян кьеялъулаб хIалтIи. Гьедин 133 обходчикас 8800чиясда гьоркьоб гьабун буго бичIчIикьеялъулаб хIалтIи.



Пачалихъалъул Президент вищиялде исана цIакъго кIудияб тIад чIей ва бербалагьи букIине бугеблъи бичIчIизабуна МухIамад ХIасановас. Гьелъ цIакъго мухIканго ва тартибалда рищиял тIоритIизе киналго идарабазул рекъонккараб хIалтIи букIине кколеблъиялде кIвар буссинабуна гьес. Цебеккунги нилъер районалда низамалда, щибго квал-квалал ккечIого тIоритIулел рукIанин рищиялин бицана гьес тIаде рачIарал ХIукуматалъул вакилзабазда.

Херлъиялъ, ялъуни унти сабаблъун рокъоса къватIире рахъине санагIалъи гьечIел гIадамазул сияхI гьабизе ва гьезие кумек гьабизе тIадкъана ТИКалъул ва социалиял хIалтIухъабазда. КЦСОНалъул гьединаб тIалабалда ругезул 540 чи вугин баян кьуна М.Нуровас.

Щибаб бутIаялъул рахъалдасан бугеб хIадурлъиялъул бицун хадуб хIукму гьабуна лъайкьеялъул, сахлъи цIуниялъул ва социалиял идарабазул хIалтIухъабигун бичIчIикьеялъулаб хIалтIи гьабизе ва нухмалъулелгун данделъаби тIоритIизе.

Данделъи лъугIигун ХIукуматалъул вакилзаби ТИКалъул хIалтIухъабигун щвана рищиял тIоритIизе рихьизарурал пунктазде, балагьана аслиял шартIал цIуниялъе гьабун бугеб хIадурлъиялъул, гьаруна кIвар бугел малъа-хъваял.

Жакъасеб дунялалда бугеб ахIвал-хIалги хIисабалде босун гIадамал гъираялда гIахьаллъизе тIадаб буго тIаде щолел ругел рищиязда! Щивасул гьаракь хIажатаблъун буго!

**ТI. МУХIАМАДОВ**

■ СОЦИАЛИЯБГУН ЭКОНОМИКИЯБ ЦЕБЕТIЕЙ

## Росаби цIилъила, магIарухълъи чIаголъила

**Росабигун районал церетIеялъе, тахшагьараздаса рикIкIад ругел бакIал чIунтичIого рукIине, гьенир лъикIал шартIал чIезариялъе кIудияб кIвар кьолеб буго пачалихъалъ ахирисел саназ. Дагьаб цIикIкIараб ригьалъул гIадамазда цIакъго лъикI бажарила дандеккун цере росабалъ букIараб ахIвал-хIал ва гьанжесел санагIалъаби.**

**Районалъул, республикалъул ва федералияб централъул бюджеталдаса гIарацги биччан гIемерал хIалтIаби гьаруна районалъул росабалъ ахирисел саназ. Исана Шамил район гIуцIаралдаса 95 сон тIубайги кIодо гьабун, бицине бокьун буго ахирисеб щуго соналда жаниб росабалъ гьарурал хIалтIабазул, батIи-батIиял проектазул кумекалдалъун кин цIилъулел ругел нилъер росаби. Администрациялъул экономикияб отделалъ кьурал баяназда рекъон рагьулеб буго нижеца цIияб рубрика районалъул росабазул «Социалиябгун экономикияб цебетIей» абураб.**

### Ругъелда

**2019 соналъ:** Ругъелда гьоркьохъеб школа гIахьаллъана «150 школа» абураб проекталда. Школа къачIазе биччан букIана 2700000гъ. «Местные инициативы» программаялда рекъон Хьиндахъ лъим бачIунеб нух къачIазе байбихьана.

**2020 соналъ:** Хьиндахъе лъел нух къачIай хадусеб соналъ лъугIизабизе тIадеги гьениб биччана гIаммгьабун 6495000гъ. Гьединго Ругъелда школалда къачIана туалет, бана цIияб пищеблок, рагьана «Точка роста»лъул кабинетал.

**2021 соналъ:** Ругъелда школалда гьел хIалтIаби лъугIизаризе биччана 990100гъ.

**2022 соналъ:** Ругъелда росулъ жанир къачIана нухал, лъуна лъим чвахизе рогIрал. Гьел хIалтIабазе Къелеб администрациялъе районалъул бюджеталдаса биччан букIана 2845205гъ. ДРялъул транспорталъул министерствоялдаса 1190040гъ. бачIана гьенир нухал къачIаялъе. Экономикаялъул министерствоялда -1460145гъ. ЦIакъ кIудияб жигарлъи бихьизабуна росдал гIадамазги.



Ругъелда росулъ нухал.

биччан букIана 2300000гъ. КъачIана Къелеб мухъалда нухалги. Гьелъие районалъул бюджеталдаса биччараб гIарац ккола 1260000гъ. Гьеб соналъ школазда хинлъи чIезабиялъе гIемерал хIалтIаби гьаруна Сомода, Ругъелда, ГIурчухъ ва Мусрухъ школазда. «Создание воздушно-теплового режима» абураб программаялда

Хадусеб 2-аб. гьумералда

■ РАХЬДАЛ МАЦIАЗУЛ КЪОЯЛДЕ

# Микьигъориб хIайранаб дандчIвай

**Байрамияб ахIвал-хIалалда Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къо кIодо гьабуна Микьигъориб аслияб школалда 21 февралалъ. ХIурматиял гьалбаллъун гьеб тадбиралде ахIун рукIана редакциялъул хIалтIухъаби.**







Школалъул кавуялдасанго миллияб ретIел ретIун къачIарал лъималаз дандчIвайдал, рекIелъе байрамияб асар лъугьинабуна. ЦIакъ мухIканаб хIадурлъиялда ратана школалъул тIолго коллектив ва цIалдохъаби.

Рахьдал мацIалъул мугIалим Умагьани ХIадисовалъ хIадурарал лъималаз цIалана ва ахIана авар мацIалде гьарурал кучIдул, рихьизаруна магIна гъваридал сценкаби, гьаруна миллиял кьурдаби.

Школалъул директор ГIумарасхIаб Ибрагьимовас бицана данделъаразе магIарул мацI цIуниялъул кIваралъул, цIалана жиндицаго росдаде гьабураб кечI.

Байбихьул классазул мугIалим Умакусум МухIамадовалъ магIарул мацIалда биццанкIабигун кицаби жанир рачарал хIаял хIадурун рукIана цIалдохъабазе. КIудияб гъираялда магIна босун гIенеккана лъимал чIахIиязул кIалъаязухъ.

Гьединго, мугIалимзабаз хIадурун рукIана аваразул хъвадарухъабигун поэтазул тIахьазул ва миллияб кванил цебелъеял.

ГьитIинаб росдал школалда гIемерал санагIалъаби гьечIониги, кIудияб гъираялда гIуцIараб тадбирлъун букIин бихьана. ХIайранаб дандчIвайги, гьалбадеридехун кIудияб хIурматги, рахьдал мацIалдехун унго-унгояб рокьиги бихьизабуна Микьигъориб школалъул директор ГI.Ибрагьимовас ва тIолго коллективалъ. Гьединал магIарулазде руссарал рукIун ратила аваразул гимнлъун лъугьарал Расул ХIамзатовасул «БакIал къваридалъул ракIал гIатIидал...» абурал рагIаби. БачIунеб гIелалъе адабалъул ва миллияб рукIа-рахъиналъул тарбия кьолеб, унго-унгоял магIарулазул хасият-гIамал куцалеблъун лъугьана гьез гIуцIараб тадбир.

■ СОЦИАЛИЯБГУН ЭКОНОМИКИЯБ ЦЕБЕТIЕЙ

# Росаби цIилъила, магIарухълъи чIаголъила

**Байбихьи 1-себ. гьумералда**



Ругъелда памятник

Сомоде лъим бачиналъеги гьаруна гьеб соналъ хIалтIаби. 3786530гъ. биччан букIана гьенибе «Местные инициативы» программаялда рекъон.

**2023 соналъ:** Ругъелда школалда ремонталъулал хIалтIабазе биччан букIана 390000 гъ. Гьединго, КIудияб ВатIанияб рагъда чIварал ракIалде щвеялъе бараб памятникалъул ремонт гьабизе 200000 гъ. букIана районалъул бюджеталдаса биччан. КIудияб кверчIвай гьел хIалтIабазе гьабуна жамагIаталъги.

## ТIидиб

**2019 соналъ:** ТIидиб росулъе нухал къачIазе ДРялъул Минтрансалъ биччан буго 23542000 гъ. Гьабуна ТIидиб ясли-ахалда ремонт. Гьелъие районалъул бюджеталдаса биччан букIана 300000 гъ.. ТIидиб школалда рагьана «Точка роста» кабинетал, босана гьенибе цIияб техника ва оборудование. Гьединго, школалда гьабуна капиталияб ремонт. ГIаммгьабун гьеб соналъ ТIидиб росулъе биччан буго 29296000 гъурущ.

**2020 соналъ:** росулъ жанир нухазе биччана 1039000 гъ., гьабуна школалъул спортзалалда ремонт, хисана тIох ва къачIана школалъул мокърукьбакIал. Росдал нухал къачIаялъе районалъул бюджеталдаса биччана гьеб соналъ 1039000гъ.

**2021 соналъ:** «Комфортная городская среда» программаялда гIахьаллъи гьабун росулъ санагIалъаби гьаризе биччана 1953100гъ. «Дир нухал» проекталда рекъон росулъе нухал къачIана. Гьелъие биччан букIана 2356100гъ. Школалъул ремонтазе районалъул бюджеталдаса рехана 300000 гъ.

**2022 соналъ:** гьединго, школалда ремонтазе биччана 300азарго гъ.

**2023 соналъ:** росдал генплан бахъизе биччана 670азарго гъ.. КъачIана росулъ нухал. Гьелъие районалъул бюджеталдаса биччана 2700000гъ.. Школалъул котельняялъе цIияб котел босана (800азарго гъ.). Мажгиталда цебе площадкаялда ва нухда бетон тIун, росулъ санагIалъаби гьариялъе 400азарго гъ. биччан букIана. ГIаммгьабун араб соналъ ТIидиб хIалтIабазе 4570000 гъурущ биччана.

## Гъогъолъ



ТIидиб школалъул пищеблок

**2019 соналъ:** росулъ нухал къачIазе районалъул бюджеталдаса биччан букIана 840000гъ. Гъогъолъ



Гъогъолъе унеб нух

школалъул тIох хисизе биччан букIана 925000гъ ва гордал хисизе – 500000гъ.

**2020 соналъ:** росулъ бетон тIун нухал къачIазе биччан букIана 134000 гъ. «Создание воздушно-теплового режима» программалда рекъон Гъогъолъ школалда хинлъи чIезабиялъе хIалтIаби гьаризе биччан букIана 1452000гъ.

**2021 соналъ:** школалъул туалет къачIазе биччан букIана 200000гъ. Гьединго, росдал нухазе зеленкаби гьаризе 199000гъ. биччан букIана 2020 ва 2021 саназ.

**2023 соналъ:** гьединго зеленкабазул хIалтIаби лъугIизаризе биччан букIана 70000гъ. Гъогъолъе нухал къачIаялъе гIемераб хIалтIи байбихьана араб соналъ. Росулъ жанир нухал къачIазе биччан букIана 1150000гъ. Гьолокье нух бикьулеб бакIалдаса бахъараб росулъе щвезегIан нухал гIатIид гьарун, лъим чвахизе трубаби лъун, бетон тIун къачIалеб буго Гъогъолъе унеб нух. ДРялъул транспорталъул министерствоялдаса 40000000гъ биччан букIана гьенибе. ХIалтIаби жеги рагIалде рахъун гьечIо.

**ПатIимат МУХIАМАДОВА**

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

# МухIканго каки чуриялъул ва как баялъул къецал

**25 февралалъ ТIидиб росулъ тIобитIана тIолго районалъул мадрасалда цIалулел ругел лъималазда гьоркьор щвалде щун каки чуриялъул ва как баялъул тIехьалдаса къецал. Тадбир букIана ТIидиса НурасулмухIамад ракIалдещвеялъул мурадалда гIуцIараблъун. Гьениве гIахьаллъи гьабизе щвана районалъул имам ГIизудин ГьитIиножоевги.**




ХIебда мадрасалъул команда

Ясазда ва васазда гьоркьор къецал тIоритIана батIабатIаго. ГIемерисел росабалъа гIахьаллъана кIи-кIи команда, щуго яс ва щуго вас, мадрасалде хьвадулелщинал школалъул гIелалъул лъимал. ГIаммгьабун 19 команда васазул ва 13 команда ясазул щвана гьеб къоялъ ТIидире.



ХIотода росдал имам бергьараб командагун

Ясазул командабазда гьоркьор тIоритIарал къецазда тIоцебесеб бакI щвана ХIебда мадрасалъул командаялъе, кIиабилеб бакI кьуна ТIидиб мадрасалъул командаялъе ва лъабабилеллъун ккана Микьигьориб росдал ясал.

Васазул къецазда бергьенлъи щвана ХIотода росдал мадрасалъул командаялъе, кIиабилеб бакI кьуна Бакълъухъ росдал командаялъе, лъабабилеб бакIалде рачIана Ругъелда росдал мадрасалъул васал.

ГIахьалчагIазе къимат кьезе жюриялда рукIана районалъул мадрасабазул мугIалимзаби.

Гьарула хадубккунги чIахIиял бергьенлъаби киналго мадрасалъул мутагIилзабазе. Къецал гIуцIараблъун букIана ТIидиб росдал жамагIат.

Баркулеб буго призалъулал бакIал росарал гьитIинал мутагIилзабазда исламалъул хIубилъун жиб кколеб, абадияб рокъор талихIалъе аслулъун бугеб как гьедин мухIканго лъай.

Бергьенлъи ва призалъулал бакIал росарал командабазе кьуна дипломал ва гIарцулал сайигъатал.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ОМВД ИНФОРМИРУЕТ

## Инструкция
## о порядке приема, регистрации и разрешения в территориальных органах министерства внутренних дел российской федерации заявлений и сообщений о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях

Заявления и сообщения о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях вне зависимости от места и времени совершения преступления, административного правонарушения либо возникновения происшествия, а также полноты содержащихся в них сведений и формы представления подлежат обязательному приему в территориальном органе МВД России.

Круглосуточный прием заявлений и сообщений о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях осуществляется оперативным дежурным дежурной части отдела по номерам: 99-69-32, 98-45-12, 2-23-25.

Оперативный дежурный дежурной части, принявший заявление о преступлении, об административном правонарушении, о происшествии лично от заявителя, одновременно с регистрацией заявления обязан оформить талон, состоящий из двух частей: талона-корешка и талона уведомления, имеющих одинаковый регистрационный номер. Заявитель расписывается за получение талона-уведомления на талоне-корешке, проставляет дату и время получения талона-уведомления.

При приеме от заявителя письменного заявления о преступлении заявитель предупреждается об уголовной ответственности за заведомо ложный донос в соответствии ст.306 Уголовного кодекса РФ, о чем делается отметка, удостоверяемая подписью заявителя.

Дознаватель, орган дознания, следователь, руководитель следственного органа обязаны принять, проверить сообщение о любом совершенном или готовящемся преступлении и в пределах компетенции, установленной настоящим Кодексом, принять по нему решение в срок не позднее 3 суток со дня поступления указанного сообщения. При проверке сообщения о преступлении дознаватель, орган дознания, следователь, руководитель следственного органа вправе получать объяснения, образцы для сравнительного исследования, истребовать документы и предметы, изымать их в порядке, установленном настоящим Кодексом, назначать судебную экспертизу, принимать участие в ее производстве и получать заключение эксперта в разумный срок, производить осмотр места происшествия, документов, предметов, трупов, освидетельствование, требовать производства документальных проверок, ревизий, исследований документов, предметов, трупов, привлекать к участию в этих действиях специалистов, давать органу дознания обязательное для исполнения письменное поручение о проведении оперативно-розыскных мероприятий.

Лицам, участвующим в производстве процессуальных действий при проверке сообщения о преступлении, разъясняются их права и обязанности, предусмотренные настоящим Кодексом, и обеспечивается возможность осуществления этих прав в той части, в которой производимые процессуальные действия и принимаемые процессуальные решения затрагивают их интересы, в том числе права не свидетельствовать против самого себя, своего супруга (своей супруги) и других близких родственников, круг которых определен пунктом 4 статьи 5 настоящего Кодекса, пользоваться услугами адвоката, а также приносить жалобы на действия (бездействие) и решения дознавателя, органа дознания, следователя, руководителя следственного органа в порядке, установленном главой 16 настоящего Кодекса.

Руководитель следственного органа, начальник органа дознания вправе по мотивированному ходатайству соответственно следователя, дознавателя продлить до 10 суток срок, установленный частью первой настоящей статьи. При необходимости производства документальных проверок, ревизий, судебных экспертиз, исследований документов, предметов, трупов, а также проведения оперативно-розыскных мероприятий руководитель следственного органа по ходатайству следователя, а прокурор по ходатайству дознавателя вправе продлить этот срок до 30 суток с обязательным указанием на конкретные, фактические обстоятельства, послужившие основанием для такого продления.

Если в ходе проверки заявления (сообщения) о преступлении, об административном правонарушении, о происшествии установлено, что в качестве заявителя указано лицо, не обращавшееся в территориальный орган МВД России, либо в заявлении и сообщении названы вымышленные адрес и (или) фамилия, имя, отчество, то заявление (сообщение) признается анонимным.

По результатам рассмотрения заявлений и сообщений о преступлениях органом дознания, дознавателем, следователем, руководителем следственного органа в пределах своей компетенции принимается одно из следующих решений:

1. О возбуждении уголовного дела.
2. Об отказе в возбуждении уголовного дела.
3. О передаче по подследственности в соответствии со статьей 151 УПК, а по уголовным делам частного обвинения - в суд в соответствии с частью второй статьи 20 УПК.

По результатам рассмотрения заявлений и сообщений об административных правонарушениях должностным лицом, уполномоченным составлять протоколы об административных правонарушениях, в пределах своей компетенции принимается одно из следующих решений:

1. О возбуждении дела об административном правонарушении.
2. Об отказе в возбуждении дела об административном правонарушении.
3. О передаче заявления (сообщения) об административном правонарушении и материалов его проверки на рассмотрение государственного органа, органа местного самоуправления, организации или должностного лица, к компетенции которых относится решение соответствующих вопросов, по подведомственности.
4. О передаче заявления (сообщения) об административном правонарушении и материалов его проверки в иной территориальный орган МВД России по территориальности.

Информация о решениях по заявлениям и сообщениям о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях в течение 24 часов с момента их принятия направляется заявителю в письменной форме или в форме электронного документа. При этом заявителю разъясняется его право обжаловать данное решение прокурору или в суд в порядке, установленном статьями 123 и 125 УПК РФ.

НОМЕРА ТЕЛЕФОНОВ И АДРЕСА, ДОЛЖНОСТНЫХ ЛИЦ, КОТОРЫМ МОЖНО ОБЖАЛОВАТЬ ДЕЙСТВИЯ, СВЯЗАННЫЕ С НАРУШЕНИЯМИ ПРИ ПРИЕМЕ ИЛИ ОТКАЗЕ В ПРИЕМЕ СООБЩЕНИЙ О ПРОИСШЕСТВИЯХ:

**Начальник ОМВД России по Шамильскому району подполковник полиции Магомедов М.М. тел. 99-69-31**

**Прокурор Шамильского района старший советник юстиции Исмаилов И.М. тел. 55-30-29**

**И.о. председателя Шамильского райсуда М.Р. Хайбулаев тел. 2-22- 82, 2-23-06**

**Мировой судья судебного участка № 93 Рамазанова Х.Д. тел. 55-68-04**

■ СПОРТ

# МухIамад МахIачев ракIалдещвеялъе

**25 февралалъ ХIотода росулъ тIобитIана Украиналда хасаб рагъулаб операциялда ВатIаналъе гIоло гIумру кьурав МухIамад МахIачев ракIалдещвеялъе спортивияб тадбир.**




Старший лейтенант МахIачевасул цIаралда росдал гIолилазда гьоркьоб тIобитIана «Кубок Гидатля по настольному тенису памяти Махачева Магомеда Магомедрасуловича» абураб спортивиял къецал.

Исана кIиабилеб нухалъ гьабулеб бугеб ва санайил гьабизе ракIалда бугеб гьеб тадбиралде гIахьаллъи гьабизе щвана шагьаралда гIумру гьабун ругел росуцоялги, Россиялъул чанго батIиял регионаздаса гьалбалги.

Турниралъул гIахьалчагIазда гьоркьор рукIана ДРялъул мустахIикъав тохтир, бищун цIикIкIарав гIахьалчи, ГьитIинохIажи МухIамадов, ДРялъул туризмалъул ва халкъиялгун художественниял ишазул министрасул 1-сев заместитель ГIабдула МухIамадов, МахIачхъалаялъул халкъазда гьоркьосеб ралъдал порталъул гендиректорасул заместитель ХIажимурад ГIабашилов, ЧIикIасезул ПУ АО «Гидроремонт-ВКК» алъул начальник ГIалигIумар ГIалигIумаров ва цоги рикIкIен гIемерал гьалбал. Сверухъ росабалъа гIахьалчагIиги малъун кинавниги вукIана 52 спортсмен. Профессионалияб хIалалъ настольный теннисалъе куцалел гIолилазе турниралда гIахьаллъизе ихтияр букIинчIо.

3 батIияб гIелалда гьоркьоб тIобитIараб турниралъул бищун гьитIинав гIахьалчиясе букIана 10 сон, бищун цIикIкIарасе - 74 сон.

Бергьенлъи босаразе тадбир гIуцIараз кьуна дипломал, кубокал ва лъикIал гIарцулал сайигъатал.

Тадбир гIуцIараллъун ва нухда бачараллъун рукIана МухIамад МахIачевасул гIагарлъи ва гьудулзаби.

Къадруял росуцоязул тарих гIун бачIунеб гIелалъе мисаллъун букIине, гьел сахаб гIумрулде куцалеллъун ва патриотикияб тарбия кьолеллъун руго районалъул бахIарзал ракIалдещвеялъул тадбирал.

Турниралъул ахиралда ХIотода росдал бегавул МухIамад ХIажиевас баркала загьир гьабуна турнир гIуцIаразе ва гIахьаллъизе щвараз.

**ГI. ХIАСАНОВА**



---

# Сомода ВатIан цIунулезул къо

**24 февралалда, кIудияб чIагольиялда, иргадулаб нухалъ Сомода росулъ тIобитIана ВатIан цIунулезул къо кIодо габиялъул тадбир. КIудияб байрамалде свераран тадбиралда ракIалде щвезаруна ахираб заманаялда батIибатIиял тунка-гIусабазда ва цойгидалги гIиллабаздалъун гIолохъанго гIумруялдаса ратIалъарал гIолилал.**

Гьеб тадбиралда ракIалде щвезавуна СВОялда гIумруялдаса ватIалъарав Сомода росулъа Абакаров Шамил Зайнулаевич. Гьенир тIоритIана батIибатIиял тайпаялъул спорталъул хIаял: волейбол, рекери, халалъуде кIанцIи, туманкI гIужда речIчIи. Хасаб гьира базабуна цере гIемерал хIалтIизарулел рукIарал «ланга кьаби» ва цIалачен бачи.

Гьеб тадбир тIобитIиялъе ва бергьенлъи бихьизабурал гIолилазе гIарцулаб кумек гьабуна Ругъелда росдал бегавул ГьитIинамухIамадица. Цебеккунго лъазабураб ахIиялда рекъон росдал жамагIаталъги бакIарун букIана гIарац.

ЛъикIаб букIина гьадинал тадбирал районалъул щибаб росулъ ва росабазда гьоркьор тIоритIизе.

**Давуд ДАВУДОВ**



---

■ ФОМС ИНФОРМИРУЕТ

## Система ОМС- Порядок защиты прав застрахованного по ОМС

Права застрахованных лиц в сфере обязательного медицинского страхования.

Федеральным законом от 29.11.2010 N 326-ФЗ «Об обязательном медицинском страховании в

Российской Федерации» определены права и обязанности застрахованных по ОМС лиц, согласно которому они имеют право на:

1) бесплатное оказание медицинской помощи медицинскими организациями при наступлении страхового случая:

- на всей территории Российской Федерации в объеме базовой программы обязательного медицинского страхования;

- на территории субъекта Российской Федерации, в котором выдан полис ОМС, в объеме территориальной программы обязательного медицинского страхования;

2) выбор страховой медицинской организации путем подачи заявления в порядке, установленном правилами обязательного медицинского страхования;

3) замену страховой медицинской организации, в которой ранее был застрахован гражданин, один раз в течение календарного года не позднее 1 ноября либо чаще в случае изменения места жительства или прекращения действия договора о финансовом обеспечении обязательного медицинского страхования в порядке, установленном правилами обязательного медицинского страхования, путем подачи заявления во вновь выбранную страховую медицинскую организацию;

4) выбор медицинской организации из медицинских организаций, участвующих в реализации территориальной программы обязательного медицинского страхования;

5) выбор врача путем подачи заявления лично или через своего представителя на имя руководителя медицинской организации;

6) получение от территориального фонда, страховой медицинской организации медицинских организаций достоверной информации о видах, качестве и условиях предоставления медицинской помощи;

7) защиту персональных данных, необходимых для ведения персонифицированного учета в сфере обязательного медицинского страхования;

8) возмещение страховой медицинской организацией ущерба, причиненного в связи с неисполнением или ненадлежащим исполнением ею обязанностей по организации предоставления медицинской помощи;

9) возмещение медицинской организацией ущерба, причиненного в связи с неисполнением или ненадлежащим исполнением ею обязанностей по организации и оказанию медицинской помощи;

10) защиту прав и законных интересов в сфере обязательного медицинского страхования.

Застрахованные лица обязаны:

1) предъявить полис обязательного медицинского страхования при обращении за медицинской помощью, за исключением случаев оказания экстренной медицинской помощи;

2) подать в страховую медицинскую организацию лично или через своего представителя заявление о выборе страховой медицинской организации в соответствии с правилами обязательного медицинского страхования;

3) уведомить страховую медицинскую организацию об изменении фамилии, имени, отчества, места жительства в течение одного месяца со дня, когда эти изменения произошли. В случаях изменения фамилии, имени, отчества осуществляется переоформление полиса;

4) осуществить выбор страховой медицинской организации по новому месту жительства в течение одного месяца в случае изменения места жительства и отсутствия страховой медицинской организации, в которой ранее был застрахован гражданин.

Порядок защиты прав застрахованных

В случае возникновения трудностей или отказа в получении бесплатной медицинской помощи по полису ОМС, вы можете обратиться к должностному лицу медицинской организации (главному врачу, заместителю главного врача по лечебной работе или заведующему отделением), в чью компетенцию входит охрана прав и свобод граждан, обратившихся за медицинской помощью в подведомственное ему учреждение. Если на уровне медицинской организации проблему решить не удалось - обращайтесь устно либо письменно в свою страховую медицинскую организацию, выдавшую вам полис ОМС и, таким образом, взявшую на себя ответственность по защите ваших прав. Здесь вам предоставят справочную информацию по вопросам ОМС, осуществят информационное сопровождение при оказании медицинской помощи, в том числе профилактических мероприятий, а также защиту ваших прав и законных интересов в сфере ОМС, в случае необходимости организуют экспертизу качества медицинской помощи. В случае неудовлетворенности работой СМО по вашему вопросу, обращайтесь в Территориальный фонд ОМС Республики Дагестан: с устным обращением по телефону контакт - центра 8 (800)

2222-905, письмом непосредственно в адрес ТФОМС:367008, г. Махачкала, ул. Ляхова 47 а, либо заполнив контакт-форму на сайте. Все обращения рассматриваются в обязательном порядке, по каждому дается устный или письменный ответ.

Если же на городском уровне ваш вопрос решен не был, обращайтесь в федеральные органы власти и организации, включая Министерство здравоохранения РФ, Федеральный фонд обязательного медицинского страхования, Росздравнадзор.

**ОМАРОВА З.М.**
**Главный специалист по защите прав застрахованных (эксперт)**
**Шамильского филиала ТФОМС РД**


**ЦОЛЪИ**

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов
ГI.ХIасанова

ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ
МухIамад ХIамзатов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамил районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерстволъул “ГУП РГЖТ” типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидал- ги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталь кьимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50